



CITY OF BOSTON
Office of the Mayor
Martin J. Walsh

21 Mas 2020


ENPOTAN!

Dokiman se genyen enfomasyon enpotan ladan. Pou materyel nan lang Kreyol vizite:
<https://www.boston.gov/covid19#more-resources>

Chè Rezidan,

Sa a se yon moman difisil pou fanmi nou yo, zanmi nou yo, katye nou yo ak kominote nou yo. Antanke yon vil, kounyeya se moman pou nou mete tèt ansanm, epi pou nou pran swen youn lòt.

Sa ki pi enpòtan an, n ap ankouraje moun yo pou fè prèv pridans epi pou pran swen tèt yo. Genyen bagay ki senp tout moun ka fè ki pral fè yon gran diferans:



- Lave men nou souvan ak savon ak dlo pandan omwen 20 segonn.
- Itilize yon dezenfektan men ki abaz alkòl ki gen omwen 60% alkòl.
- Evite pran lanmen.
- Kouvri bouch ou lè w ap touse epi estènen nan koud ou oswa ak yon mouchwa.
- Netwaye epi dezenfekte objè ak sifas moun te touche yo souvan.
- Evite kontak sere ak moun ki malad.
- Tanpri sonje kisa **distans sosyal** enplike: Evite tout kalite foul. Kite omwen yon distans 6 pye de ou menm a yon lòt moun.
- Si ou panse ou malad, rele doktè ou an oswa 311 pou w ka konekte ak Liy Sante Majistra a (Mayor Health Line). N ap mande moun yo pou rele premyèman, anvan yo ale nan sal dijans lan pou sal dijans nou yo pa debòde.
- Epitou n ap mande moun yo pou yo pa rele 911 amwenske yo gen yon ijans medikal. Boston EMS (sèvis medikal Boston) pa fè tès pou kowonaviris.

Nan Boston, nou pran sitiyasyon sa a ekstrèmman oserye. Lekòl Piblik Boston fèmen epi l ap re-ouvri Lendi 27 Avril. Nou atache yon lis kote yo ka pase pran repa gratis pou timoun yo ak dokiman sa a pou fanmi ki bezwen yo.

N ap swiv arète dijans Gouvènè Baker ki entèdi rasableman ki gen plis pase 25 moun epi ki entèdi konsomasyon oswa bwason nan bar nan lokal yo ak nan restoran yo jiska 5 avril.

Sitiyasyon sa a evolye trè vit, epi sikorstants ak arète ijans yo ka chanje. **N ap kontinye enfòme rezidan yo palentèmedyè boston.gov/coronavirus**, apèl otomatik pou rezidan prensipal yo, rezo sosyal (ki enkli @marty_walsh and @HealthyBoston sou Twitter ak City of Boston Facebook), mesaj tèks AlertBoston, ak mizajou regilye palentèmedyè rezo yo. Si ou pa sèten de okenn enfòmasyon ou te tande, tanpri rele 3-1-1, Asistans Telefonik Èd Majistra a (Mayor's Help Hotline). Nou genyen enfòmasyon ou bezwen an.

Mwen remèsyé tout moun k ap ede nou: premye entèvenan ak pwofesyonèl yo, fanmi ak vwazen, pwofesè, lidè kominotè, ak tout moun k ap montre kisa sa vle di pou nou ka yon Boston ki fò. N ap fè tout sa nou kapab pou kenbe Boston san danje epi an sekirite. Nan non vil nou renmen an, mèsi paske n ap fè pati pa nou.

Sensèman,

Mayor Martin J. Walsh